



Gid pou paran nan pwogram Volontè Avan-Jaden Danfan (VPK)

- Pou patisipe nan pwogram Volontè Avan-Jaden Danfan (VPK) pou ane lekòl **2017-2018**, timoun nan oblije ap viv nan Floride et fet entre **2 Septembre 2012 a 1 Septembre 2013**.
- Vizit sit entènèt pou Portal:
<https://familyservices.floridaearlylearning.com/Account/Login> OR
<http://www.elcpalmbeach.org/> (klike sou bouton ki anlè paj la)
 - **Si ou sè yon nouvo itilizatè sou sit entènèt sa:**
 - Anrejistre pou yon kont sou Portal Fanmi an. Oud we tcheke adrès imel ou pou konfime kont ou sou portal an e pou kòmanse aplikasyon an.
 - **Si ou sè yon itilizatè kap retounen sou sit entènèt sa:**
 - Antre enfòmasyon ou, epi chwazi "Create a New VPK Application" sou paj "Family Profile."
- Pou aplikasyon VPK an, w ap bezwen:
 - *Yon adrès imel ki valab;*
 - *Prèy laj Timoun nan;*
 - egzanp: batistè OSWA paspò OSWA dosye vaksinasyon kit e siyen pa yon ofisye sante piblik oswa pa yon doktè kap pratike ki gen lisans.
 - *Prèy kote ou rete;*
 - Lisans chofè OSWA bòdwo sèvis piblik OSWA siyen kontra-lwaye.
- **Lè ou soumèt aplikasyon pou anrejistre nan VPK:**
 - Ou pral resewa yon notifikasyon imel antre **5-7** jou pou fè ou konnin si aplikasyon an apwouve ou rejte.
 - aplikasyon rejte, ou dwe fè koreksyon e sounet aplikasyon-an anko.
 - Lè aplikasyon apwouve, ou kapab enprime sètifika VPK nan ninpot òdinatè pa vizite sit entènèt pou kont Portal Fanmi.
 - W ap bezwen yon adrès imel avek modpas imel-an pou antre non kont ou ginyin nan Portal Fanmi-an.
 - Soumèt a gadri enfant ke ou chwazi-an sètifika VPK pou anrejistre enfant-an.
 - 👉 **Pwogram VPK sèlman pèmèt yon (1) transfè gadri.**
Tanpri fè chwa gadri avek anpil atansyon! *Tanpri tcheke avek gadri VPK-an le ou fin fè seleksyon pou plis enfòmasyon konsènan pwogram gadri sa.*
 - 👉 **Si ou bezwen asistans nan fè seleksyon gadri nan pwogram VPK an, ou byin asistans pou anrejistre ou fe yon transfè gadri, Espesyalis CCR&R pa nou kapab ede ou.**
Espesyalis lan ap ba ou yon lis de gadri ki patisipe nan pwogram VPK ki nan zòn ou.